

Yon elèv Règleman 5.186 Konduit Elèv la nan sèvis Transpò

1. Règleman jeneral sou konduit
 - a. Yon elèv ki monte yon otobis distri lekòl la oswa nenpòt fòm transpò distri a bay, ki gen ladan Palm Tran oswa Tri-Rail, tonbe anba règleman sa a.
 - b. Transpò pou lekòl se yon privilèj, men li pa yon dwa. Privilèj la kapab revoke lè genyen konduit ki pa akseptab.
2. Aksyon disiplinè yo ki site nan matris (tablo pou nimewo ki gen liy ak kolòn) pou règleman 5.1812, *Pwosedir Operasyonèl pou Ensidan ak Aksyon pou Elèv Segondè*, ak règleman 5.1813, *Pwosedir Operasyonèl pou Ensidan ak Aksyon pou Elèv Segondè*, ki rive pandan distri a ap bay transpò, ap regle jan sa deklare nan règleman ki aplikapab la.
3. Konduit nan Otobis
 - a. Tout elèv ta dwe mete nan tèt yo ke yo mete yo sou videyo pandan yo nan otobis la. Yo kapab itilize tep sa yo pou objektif disiplinè oswa referans pou lapolis.
 - b. Chofè a an chaj otobis la ak pasajè yo. Pasajè yo dwe obeyi chofè a.
 - c. Pou ankouraje lòd nan otobis la, chofè a, an kolaborasyon ak direktè a, kapab asiyen elèv yo chèn kote pou yo chita. Ap gen nan dosye ofis administratif lekòl la yon tablo apwouve ak chèn pou chita.
 - d. Elèv ki gen transpò nan otobis ki ekipe ak senti sekirite ap atache yo.
 - e. Elèv yo p ap monte nan otobis la ak okenn atik twoublan oswa ki kapab entèfere ak sekirite elèv. Atik sa yo gen ladan yo, men yo pa limite ak:
 - i. Nenpòt kalite mamit anvit entèdi.
 - ii. Baton, bagèt pou bat tanbou, ak rakèt pou jwe tenis ap otorize nan otobis yo sèlman lè yo nan kès transpò yo.
 - iii. Objè file, boul, baton, roller skates, skateboards, oswa enstriman pou koupe sou nenpòt fòm, ki gen ladan koutodpòch, ap entèdi nan otobis la.
 - iv. Nenpòt atik laj oswa ki gwo ki kapab entèfere ak plas kote pou elèv chita oswa ak evakyasyon nan otobis lekòl la. Atik sa yo gen ladan, men pa limite ak:
 1. Enstriman mizik ki laj oswa gwo tankou tuba/sousaphone, baritone, baritone saxophone, tenor saxophone, cello, string bass, french horn, guitar, trombone, bass clarinet, bassoon, drums, or electronic keyboards;
 2. Balon;
 3. Ekipman atletik.
 - f. Elèv yo ap chita nan chèn yo pandan tout tan motè otobis la ap mache.
 - g. Li pa pèmèt pou elèv chita nan koulwa yo oswa nan eskalye otobis yo, oswa nenpòt fason ki kapab bloke koulwa oswa pòt ijans yo.
 - h. Okenn pati nan kò yon elèv pa dwe deyò fenèt otobis yo nan kèkilanswa lè a.
 - i. Elèv yo pa dwe distè chofè otobis la ak mizik fò pandan motè otobis la ap mache.
 - j. Elèv yo pa dwew manje, bwè, oswa fimen nan otobis la.
 - k. Elèv yo pa dwe voye okenn atik andedan otobis la oswa andeyò fenèt otobis yo. Paran/responsab la ap responsab pou domaj lòt machin oswa domaj pwopriyete pitit yo fè akòz vyolasyon règleman sa a, ak ki kapab sijè pou chaj kriminel.
 - l. Elèv yo pa dwe make, rache, oswa koupe chèn oswa koze domaj nan otobis la. Paran/responsab la ap responsab pou tout krazebrize pitit li a fè epi y ap egzijè l pou l fè restitasyon.
 - m. Elèv yo pa dwe ekspoze siy pandan yo nan otobis.
 - n. Yo p ap tolere nan otobis la elèv k ap di betiz oswa fè vye jès.
 - o. Elèv yo ap bay vrè non yo lè chofè otobis la mande yo sa.
 - p. Elèv yo ap monte nan otobis yo ba yo a ak yo p ap anbake oswa desann otobis la nan okenn lòt kote eksepte kote yo fè sa regilyèman. Direktè/reprezantan li dwe apwouve tout chanjman dijans alekri.
 - q. Nenpòt elèv ki komèt vyolasyon sekirite pandan li nan otobis la ap resevwa dis (10) jou sispansyon, pou l pa monte otobis, pou premye vyolasyon an ak l ap pèdi privilèj transpò li pou rès ane eskolè a pou dezyèm vyolasyon an:

- i. Ouvri pòt ijans yon otobis pandan motè a ap mache;
 - ii. Ouvri pòt ijans yon otobis ak sòti nan otobis la lè l kanpe amwenske se chofè a ki mande pou sòti nan ka yon ijans oswa pandan yon egzèsis evakyasyon dijans.
- 4. Arè otobis
 - a. Elèv yo dwe kanpe soukote wout la pandan y ap tann otobis la.
 - b. Paran yo ap responsab pou konduit pitit yo avan otobis la rive ak apre otobis la ale.
 - c. Elèv yo dwe nan arè otobis la senk (5) minit avan lè otobis la dwe rive a.
 - d. Elèv yo ap travèse wout la toujou devan otobis la.
 - e. Yo pa p tolere elèv k ap di betiz oswa k ap fè vye jès nan otobis la.
 - f. Aksyon disiplinè pou enfraksyon nan yon arè otobis jan li site nan matriks yo (tablo pou nimewo ak liy ak kolòn) pou règleman 5.1812, *Pwosedir operasyon pou ensidan ak aksyon pou elèv primè elemantè*, ak règleman 5.1813, *Pwosedir Operasyon pou ensidan ak aksyon pou elèv segondè*, ap regle jan li deklare nan règleman aplikapab la. Paegzanp, y ap rekòmande pou mete deyò elèv ki pote zamafe oswa k ap vann dwòg nan yon arè otobis.
 - g. Paske yo kapab disipline yon elèv nan arè otobis la, sa pa koz distri a gen responsablite ni se pa entansyon distri a pou l responsab pou sipèvizè arè otobis la.
- 5. Sispanasyon nan Transpò.
 - a. Sekirite ak byennèt elèv y ap transpòte yo se sousi chak chofè otobis ak administratè lekòl yo.
 - b. Sispanasyon nan transpò distri a pa anile obligasyon elèv la pou l ale lekòl. Se responsablite paran/responsab la pou bay pitit li a transpò pandan tan distri a sispann transpò li a.
 - c. Aksyon disiplinè ki aplike nan otobis, Palm Tran, Tri-Rail, oswa lòt transpò distri a bay, ap fèt selon règleman 5.1812 oswa règleman 5.1813.
 - d. Vyolasyon minè.
 - i. Chofè otobis lekòl yo ap fè efò ki rezonab pou okipe yo de vyolasyon minè nan règleman konpòtman elèv la. Se menm fòm yo itilize pou rapòte vyolasyon disiplinè pou règleman 5.1812 oswa règleman 5.1813 chofè otobis yo ap itilize tou.
 - ii. Nan ka kote ensidan minè pou move konpòtman yo repete, y ap rapòte elèv la bay direktè/represantan li.
 - iii. Chofè otobis la ap ranpli oswa ede ranpli fòm rapò y ap gen pou soumèt devan direktè/represantan li.
 - iv. Direktè/represantan li ap detèmine mezi disiplinè apwopriye pou aksyon elèv la, k ap baze sou rapò chofè a ak lòt konsèy lòt moun oswa elèv ki te patisipe yo jije nesesè.
 - v. Yo dwe bay paran/responsab yon elèv ke distri a jije konpòtman li pou transpò pa satisfèzan avètisman sou aksyon disiplinè k ap pran kont elèv la.
 - vi. Mezi disiplinè yo gen ladan men pa limite ak:
 - 1. Avètisman//chèz diziyen libète sou kondisyon.
 - A. Y ap avèti elèv yo ak paran/responsab la ke move konpòtman elèv la se yon pwoblèm serye yo p ap tolere.
 - B. Y ap avize yo tou ke fiti evènman ki montre move konpòtman elèv la kapab lakòz yo sispann privilèj transpò li nan otobis la.
 - C. Yo kapab konsidere tou aksyon disiplinè altènatif.
 - 2. Sispanasyon nan otobis.
 - A. Direktè/represantan l kapab chwazi pou sispann privilèj transpò yon elèv, lè avètisman kit e bay avan yo oswa mezi disiplinè altènatif pa pote amelyorasyon nan konpòtman elèv la, oswa lè yo santi sikonstans yo mande l.
 - B. Direktè/represantan l kapab sispann privilèj transpò yon elèv pou yon maksimòm dis (10) jou nan yon sèlkou.
 - e. Konpòtman majè, vyolan, flagrantman pa sekirize
 - i. Selon lwa Florid § 232.28, : "*Chofè otobis yo p ap egzije pou opere otobis la nan kondisyon kote yonn oswa plizyè elèv poze yon danje ki klè ak aktyèl pou sekirite*

chofè a ak lòt elèv yo, oswa sekirite otobis pandan l ap opere ... Nan ka kote yon elèv angaje nan aksyon vyolan oswa flagrantman pa sekirize pandan li nan otobis la, distri lekòl la app ran mezi korektif pou asire, otan sa posib, pou aksyon konsa pa repete, avan elèv la reasiyen nan otobis la."

- ii. Sèvis transpò distri a kapab bay sispansyon jiska dis (10) jou elèv ki angaje nan aksyon vyolan oswa aksyon ki flagrantman pa sekirize, pandan y ap pran transpò distri a, jiskaske yo fè yon konferans ak paran l.
 - iii. Selon nati move konpòtman elèv la ak rezilta konferans paran an, direktè/reprezantan l kapab chwazi pou retabli privilèj transpò elèv la avèk kondisyon ki deziye pou asire li obsève konpòtman nòmal.
- f. Apèl kont aksyon disiplinè
- i. Paran responsab/responsab la kapab kontakte direktè lekòl pitit li a pou yon apèl kont sispansyon nan otobis oswa kont lòt aksyon disiplinè ki rive akòz move konpòtman nan otobis lekòl.
 - ii. Paran/responsab la ki fè apèl la kont aksyon disiplinè a dwe patisipe nan yon konferans ak direktè/reprezantan l, ak yon reprezantan depatman transpò a, avan dispozisyon pou demand apèl la.
 - iii. Yo kapab pèmèt elèv yo pran transpò distri a pandan y ap tann rezilta yon apèl kont sispansyon transpò ak kondisyon pa genyen nouvo move konpòtman.
 - iv. Yon elèv ki transfere sòti nan yon lekòl pou ale nan yon lòt andedan distri a ap responsab pou rapò ensidan li te akimile nan otobis pou premye lekòl la.
 - v. Tout moun konnen ke nenpòt vyolasyon nan règleman nenpòt komite transpò kapab konsidere kòm motif pou distri a pran aksyon disiplinè epi yo kapab koz yo enpoze penalite kriminel.
6. IDEA & Seksyon 504
- a. Komite dirijan distri lekòl rejyon Palm Beach la rekonèt ke règleman pou transpò elèv la dwe entèprete nan fason pou l konsistan ak Lwa sou Edikasyon pou Endividi ak Andikap ("IDEA") ak Seksyon 504 sou Lwa sou Reyabilitasyon ("Seksyon 504").
 - b. Y ap discipline elèv ki elijib pou sèvis anba IDEA oswa Seksyon 504 dapre Lwa sa yo ak règleman komite dirijan distri lekòl la gouvènè ki espesifye ke yo aplike pou elèv ki kouvri anba IDEA ak 504.

OTORITE LEGAL: §§ 230.22(2); 230.23(6), 230.23005(1); Fla. Stat.

LWA ANVIGÈ: §§ 232.25(1); 232.25(3); 232.26(1); 232.28, Fla. Stat.

DOSYE ISTORIK: 14/01/2002

Paj 5.186(a)-5.186(f)